

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaram ngeunaan média *photostory* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis warta, bisa dicindekkeun yén:

- 1) Kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *photostory* téh can mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata nilainya éta 56,6 Aya lima aspék anu dipeunteun nya éta: aspék nu kahiji judul warta, rata-rata skorna 12,09, ieu kaasup kana kategori kurang hadé; aspék anu kadua téras warta rata-rata skorna 14,03, ieu kaasup kana kategori hadé; aspék anu katilu nya éta perangkai, rata-rata skorna 13,91, ieu kaasup kana kategori perangkainana kurang hadé; aspék anu kaopat nya éta eusi (5W+1H), rata-rata skorna 13,42, ieu kaasup kana kategori kurang hadé; aspék anu kalima nya éta panutup warta na, rata-rata skorna 12,03, ieu kaasup kana kategori panutup wartana kurang hadé.
- 2) Kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun média *photostory* téh mampuh. Ieu hal bisa katitén dina rata-rata peunteunna nya éta 80,68. aya lima aspék anu dipeunteun, nya éta: aspék anu kahiji judul warta, rata-rata skorna 15,44, ieu kaasup kana kategori hadé; aspék anu kadua nya éta téras warta, rata-rata skorna 16,41, ieu kaasup kana kategori hadé; aspék anu katilu nya éta perangkai, rata-rata skorna 16,50, ieu kaasup kana kategori perangkai wartana hadé; aspék anu kaopat nya éta eusi (5W+1H), rata-rata skorna 16,29, ieu kaasup kana kategori hadé; aspék anu kalima nya éta panutup wartana, rata-rata skorna 15,53, ieu kaasup kana kategori panutup wartana hadé.
- 3) Aya ngaronjatna kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016 antara saméméh jeung sabada gagunakeun média *photostory*. Rata-rata pre-tést 65,48 ngaronjat jadi 80,68 dina post-tést. Aspék judul warta, rata-rata skor pre-tést 12,09 ngaronjat dina post-tést jadi 15,44; aspék téras warta rata-rata skor pre-tést 14,03 ngaronjat dina post-tést jadi 16,41; aspék perangkai rata-rata skor pre-tést 13,91 ngaronjat dina post-tést jadi

16,50; aspék eusi (5W+1H) rata-rata skor pre-tést 13,42 ngaronjat dina post-tést jadi 16,29; aspék panutup warta rata-rata skor pre-tést 12,03 ngaronjat dina post-tést jadi 15,53.

- 4) Aya béda anu signifikan dina ngaronjatna kamampuh nulis warta siswa anantara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* ka siswa kelas IX C SMP KArtika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016. Katitén dina uji hipotésis luyu jeung hasil data nu dibeunangkeun yén $t_{itung} (9,88) > t_{tabel} (2,46)$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. ieu nuduhkeun yén média *Photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta.

5.2 Implikasi

Média *photostory* dilarapkeun dina pangajaran nulis warta pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa. Dilarapkeunana média *photostory* ieu miboga dukungan anu hadé ti siswa ogé ti guru. Média *photostory* dianggap mangrupa média nu positif dina prak-prakana kusababa kawilang hadé pikeun numuwuhkeun kreatifitas siswa nalika nulis warta. Ayana média *photostory* jadi alesan anu hadé sangkan siswa bisa leuwih imajinatif nalika nulis warta, sanajan warta sipatna faktual tapi ku ayana média *photostory* siswa teu perlu dibawa ka tempat kajadian, média *photostory* jadi média anu ngaéfektifkeun kagiatan diajar di kelas. Média *photostory* ngadumaniskeun kamampuh nulis warta siswa anu dibarengan kreatifitas jeung imajinasi siswa nu ngalantarankeun siswa bakal leuwih gampang maham kana matéri, matak teu bosen, aktif ogé hasil anu hadé kana pangajaran nulis warta.

5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan média *photostory* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa ka kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016, aya sawatara rékoméndasi diantaranya ieu dihandap.

- 1) Média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta. Ku kituna, ieu média bisa dijadikeun salahsahiji *alternatif* pikeun pangajaran nulis, hususna pangajaran nulis warta;

- 2) Diperlukeun panalungtikan ngeunaan média *photostory* anu ngagunakeun métod lian sangkan meunagkeun ambahan anu leuwih lega;
- 3) Ayakeun panalungtikan séjén ngeunaan média *photostory* boh dina pangajaran nulis atawa dina pangajaran séjén sangkan leuwih ngabuktikeun kaefektifitasan média *photostory*;
- 4) pieun panalungtik satuluyna, dipiharepbisa luwih asak tur hadé deui nalika ngarancang panalungtikan ngeunaan média *photostory*.